

Patient Education

COVID-19 ak enstriksyon pou egzeyat pasyan ki ansent yo

You must carefully read the "Consumer Information Use and Disclaimer" below in order to understand and correctly use this information

Apwopo sijè sa a

Yon lòt non yo konn bay maladi kowonaviris 2019 se COVID-19. Se yon maladi viral ki enfekte poumon yo. Se yon viris yo rele kowonaviris ki mache ak SARS (SARS-CoV-2) ki lakòz li. Doktè yo pa konn anpil bagay sou efè COVID-19 la ka genyen sou yon gwosès. Yo panse li posib pou w transmèt COVID bay bebe w pandan ou toujou ansent, pandan akouchman an oswa apre nesans lan. Ou ka gen plis chans pou w akouche anvan lè. Yon tibebe ki fèt twò bonè ka gen kèk pwoblèm sante ki grav.


Sentòm ki mache ak COVID-19 la sanble ak sentòm ki mache ak grip la, men yo ka pi grav lontan. Ou ka gen tous, lafyèv, frison kote tout kò w ap tranble ak difikilte pou respire. Ou ka fatige anpil, mis ou yo ka fè w mal epi ou ka gen yon tèt fè mal oswa yon malgòj. Kèk moun gen lestomak deranje oswa dyare. Gen lòt moun ki pa gen pran sant oswa gou ankò. Ou ka pa sibi sentòm sa yo toutan, lèfini gen sentòm ki ka parèt oswa disparèt pandan peryòd ou malad la.

Yon moun ka gaye viris la fasil atravè ti gout l ap voye lè l ap pale, estènen oswa touse. Ou ka bay lòt moun viris la lè w ap pale oswa chante toupre yo, lè ou bay yo akolad, lè ou pataje manje avèk yo oswa lè ou bay yo lamèn. Doktè yo panse mikwòb yo rete an vi tou sou sifas tankou tab, pwaye pòt ak telefòn. Sepandan, nòmalman se pa konsa COVID-19 plis gaye. Doktè yo panse ou ka gaye enfeksyon an menm si w pa gen okenn sentòm, byenke yo pa konnen ki jan sa fèt. Se pou rezon sa a vaksinen se youn nan pi bon fason moun yo ka anpeche viris la gaye.

Gen moun ki gen COVID-19 san yo pa soufri twòp e yo ka rete lakay yo jiskaske yo refè. Doktè w gendwa siveye w ak plis atansyon si w malad oswa si w ansent. Gen kèk moun ki ka bezwen entènè lopital si yo malad anpil. Moun ki gen COVID-19 yo dwe izole tèt yo. Ou ka kòmanse pwoche kot lòt moun lè doktè w fè w konnen ou ka fè sa san danje.


Image Filename

Lavaj men



Fwote pandan
20 segonn

Dezenfeksyon men



Ki swen y ap bezwen bay lakay?

- Mande doktè w ki sa w ap bezwen fè lè w retounen lakay ou. Pa ezite poze doktè a kesyon si l di kèk bagay ou pa fin konprann.
- Pèsonèl medikal la gendwa mande w pote yon kach-nen ki kouvri bouch ou ak nen w pandan ou nan tranche. Ou ka gen pou mete yon kach-nen lè w ap kenbe bebe w tou. Si w malad akòz COVID-19 la, ou ka pa gen posiblite pou kenbe bebe w oswa pou rete toupre li toutotan ou poko refè.
- Bwè anpil dlo, ji oswa soup pou ranplase likid ou pèdi yo akòz lafyèv la.
- Ou gendwa sèvi ak yon imidifikatè ki voye vapè frèt pou soulaje nen bouche a ak tous la.
- Kage tèt ou sou de twa zorye lè ou kouche pou respire e pou dòmi pi fasil.
- Pa fimen ni bwè byè, diven ak lòt bwason ki gen alkòl.
- Pran yon vaksen kont COVID-19 la pou gen mwens chans pou gaye enfeksyon an bay lòt moun:
- Si w pa vaksinen nètale:
 - **Mete yon kach-nen ki kouvri bouch ou ak nen w si gen lòt moun bò kote w** ki pa malad. Kach-nen ki fèt an twa l yo pi efikas si yo fèt ak plizyè kouch twal.
 - Mete yon kach-nen ki kouvri bouch ou ak nen w pandan w ap bay pitit ou manje, pandan li nan bra w oswa pandan w ap ponpe lèt tete pou bebe w.
 - Lave men w souvan.
 - Rete nan yon chanm apa lakay ou, si sa posib, san w pa gen kontak ak lòt moun. Soti sèlman pou w jwenn swen medikal.
 - Sèvi ak yon twalèt apa, si sa posib.
 - Pa fè manje pou lòt moun.

Ki suivi y ap bezwen bay?

- Doktè w gendwa mande w vin nan biwo li plizyè fwa pou l ka suiv eta w. Pinga w manke randevou sa yo. Veye pou mete yon kach-nen lè w ale kay doktè w.
- Si sa posib, fè pèsonèl medikal la konnen davans ou gen COVID-19 pou yo ka pran plis prekosyon pou anpeche maladi a gaye.
- Ou ka bezwen plizyè semèn pou sante w vin nòmal ankò.

Ki medikaman ki gendwa nesèsè?

Doktè a gendwa mande medikaman pou:

- Soulaje lafyèv la

Èske aktivite fizik yo ap vin limite?

Ou ka gen pou limite aktivite fizik ou yo. Mande doktè w ki kantite aktivite ki bon pou ou. Si COVID-19 te fè w malad anpil, ou ka bezwen yon bon ti tan pou rejwenn tout fòs ou.

Èske y ap bezwen bay lòt kalite swen?

Doktè yo pa konnen pou konbyen tan ou ka transmèt viris la bay lòt moun apre w tonbe malad. Ekspè yo panse se yon ti chans tou piti sèlman ki egziste pou w transmèt viris la bay bebe w atravè lèt tete w. Li ka yon bon lide pou mande yon adilt ki an sante pou l ede w bay bebe w manje. Si w pa fè sa, pral plis prekosyon, lave men w byen lave epi mete yon kach-nen. Evite manyen figi w, bouch ou oswa je w, epi evite manyen figi, bouch oswa je pitit ou tou.

Pou kounye a, doktè yo bay kèk enstriksyon jeneral w ap gen pou suiv apre ou te pran maladi a. Anvan ou pwoche kot lòt moun, ou ta dwe ranpli kondisyon sa yo:

- Pa gen lafyèw pou 3 jou san se pa medikaman pou bese lafyèw la ou te pran
- Pa gen sentòm tous ni souf kout
- Tann omwen 10 jou apre premye sentòm yo te parèt oswa apre premye tès pozitif ou, lèfini ou pa gen sentòm jan sa endike pi wo a. Kèk ekspè rekòmande tann 14 jou.

Pale ak doktè w sou kesyon vaksinen kont COVID-19 la.

Ki pwoblèm ki gendwa parèt?

- Pèdi likid. Yo rele sa dezidratasyon.
- Domaj akoutèm oswa alontèm nan poumon yo
- Pwoblèm kè
- Lanmò

Ki lè mwen bezwen rele doktè a?

- Sentòm enfeksyon. Kèk ladan yo se lafyèw ki rive oswa ki depase 100,4°F (38°C), frison, tous, plis kracha oubyen chanjman nan koulè kracha a.
- Ou tèlman mal pou respire ou ka di yon sèl oswa de mo sèlman alafwa.
- Ou bezwen chita dwat toutan pou w ka respire oswa ou pa ka kouche.
- Ou gen difikilte lè w ap pale oswa lè w ret chita san w pa bouje.
- Pipi w fonsè anpil oswa ou pa pipi pou plis pase 8 èdtan.
- Bebe w fè mwens mouvman pase sa ki nòmal oswa li sispann fè mouvman.
- Sentòm yon pwoblèm ki danjere yo rele "pre-eklanpsi", tankou yon tèt fè mal ki rès anpil oswa san rete, chanjman nan vizyon oubyen doulè nan pati siperyè vant lan.

Repete sa w sot tande pou ede w konprann

Metòd refòmilasyon an ap ede w konprann enfòmasyon nou ba w yo. Apre w fin pale ak pèsònèl medikal la, di yo sa w fèk tande nan pwòp mo pa w. Konsa pèsònèl medikal la pral konnen si yo te di w tout sa ki nesèsè yon fason ki klè. Li bon pou ou tou paske ou ka vin konprann pi byen yon seri bagay ki te gendwa pa klè. Anvan w al lakay ou, asire w ou kapab fè bagay sa yo:

- Mwen ka pale avè w sou eta mwen.
- Mwen ka di w ki bagay ki gendwa ede m respire pi fasil.
- Mwen ka di w ki bagay mwen ka fè pou pa gaye enfeksyon an bay bebe mwen ak lòt moun.
- Mwen ka di w ki sa mwen pral fè si mwen gen difikilte pou m respire, si bebe mwen fè mwens mouvman, oubyen si pipi mwen fonce anpil.

Itilizasyon ak dechaj responsablite konsènan enfòmasyon konsomatè yo:

Enfòmasyon sa yo pa reprezante okenn konsèy medikal an patikilye, epitou yo pa ranplase enfòmasyon ou jwenn nan men pwofesyonèl sante w la. Yo se sèlman yon ti rezime enfòmasyon jeneral. Se PA tout enfòmasyon ki egziste sou kondisyon, maladi, blese, tès, pwosedi, tretman, terapi, enstriksyon pou egzeryat yon pasyan oswa chwa konsènan mòd devi ki gendwa aplike nan sitiyasyon pa w. Ou dwe pale avèk pwofesyonèl sante w la pou jwenn tout enfòmasyon ou bezwen sou sante w ak opsyon tretman ou genyen. Ou pa ta dwe itilize enfòmasyon sa yo pou deside si pou aksepte oswa si pou pa aksepte konsèy, enstriksyon oswa rekòmandasyon pwofesyonèl sante w la. Se sèl pwofesyonèl sante w la ki gen ase konesans ak fòmasyon pou ba w konsèy ki bon pou

ou. <https://www.wolterskluwer.com/en/know/clinical-effectiveness-terms>

Last Updated 4/13/22



© 2022 UpToDate, Inc. and its affiliates and/or licensors. All rights reserved.